

Flanbo Verite A



BIB SEKRÈ A

(Gade istwa a nan paj 10)

Sektanm-Oktòb 2021 | Volim 12 Nimewo 5

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial 3

Lite Pou Lafwa
#6 Bondye Va Jije Apostozi 4

Istwa Kouvèti a 10

Avantaj Ki Genyen Nan Mouri 14

Istwa Biblik

Yon Nonm Paralize 16

Seksyon Paran

Apèl pou Monte
Leson 12b 18

Istwa Mati Yo

Inyas, Yon Disip Apòt Jan 23

Seksyon Jenn

Chemen Li Te Chwazi A
Chapit 4a 26

Seksyon Timoun

Ranmase Plim Kana Yo 30

Aktivite Timoun 34

Kòman Sa Va Ye ? Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly
Michael Martin

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

« *Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak Li. Li kreye yo gason ak fi* » (Jenèz 1.27). « *Avèk zo kòt Li te wete nan nonm lan, Li fè yon fanm, Li mennen l' ba li. Lè nonm lan wè l', li di : Aa ! Fwa sa a, men youn ki menm jan avè m' ! Zo l' se zo mwen. Chè l' se chè mwen. Y'a rele l' fanm, paske se nan gason li soti* » (Jenèz 2.22–23).

Jounen jodi a, lemonn rechte anpil nan verite yo Bondye Kreyatè a te etabli depi nan kòmansman an. Nou pa bezwen sezi si nou tande sa, paske yon bann moun sou latè rechte Bondye menm. Yo pa dakò se Li ki te kreye tout bagay. Konsa, y'ap mache simen yon bann manti ki sipòte yon lide ki djabolik, ki mechan.

Ann fè yon ti koze sou sa yo rele « lide idantite seksyèl. » Se yon lide k'ap redouble nan jou sa yo. Lide a pwofite sou inyorans moun. Li detwi plan fanmi an. Li atake prensip Bondye yo, epi li atake verite a. Lide idantite seksyèl se yon doktrin ki fè konnen diferans yo ki egziste ant gason ak fi se pa bagay byolojik yo ye, men se bagay sosyal pito. Lè yo di bagay sa a, yo vle mete an kwa youn nan verite yo ki pi senp, ki pi fondamantal nan tout kreyasyon an... se verite a ki di gason se gason epi fi se fi. Genyen divès gwoup moun k'ap anseye nouvo lide sa yo kòm si se yon verite li ye, kòm si se yon bagay tout moun dwe kouri asepte san poze kèsyon. Mouvmman ki rele egalite de oryantasyon seksyèl la ansanm ak mouvmman feminis la ak mouvmman omoseksyèl la anseye menm bagay la tou. Selon teyori sa a, yo di diferans yo ki egziste nan tèt nou annegad gason ak fi se bagay kiltirèl yo ye, se bagay moun te annik konstwi. Moun yo di tout diferans ki genyen ant gason ak fi se bagay chak sosyete annik fikse konsa konsa. Enben, nouvo lide sa yo ap preche avèk anpil fòs toupatou sou latè. Filozofi sa yo deja fofile antre nan tout peyi. Se yon mouvmman mondyal li ye kounyeya a. Genyen anpil gwo òganizasyon mondyal ki apiye lide sa yo epi ki bay mouvmman an anpil jarèt. Òganizasyon sa yo ap swiv yon plan ki montre aklè. Yo kont sa Bib la di.

Lè Satan te rive twonpe Èv pou fè l' vyole kòmandman Bondye a, Bondye te madichonnen Satan. Bondye te di konsa : « *Ou menm ak fanm lan, m'ap fè nou lènmi youn ak lòt. Pitit pitit pa l' ak pitit pitit pa ou ap lènmi tou. Pitit pitit li ap kraze tèt ou, epi ou menm w'ap mòde l' nan talon pye l'* » (Jenèz 3.15). Satan ap jwi yon libète ki pèmèt li twonpe lòm jiskensi. Li rize, epi li mechan. Se travay pa l' n'ap gade nan lemonn jodi a. Lide idantite seksyèl la se yon mouvmman k'ap gaye avèk yon fòs ki bay gwo kè kase. Se dwòl pou wè kijan yon pakèt moun toupatou pran nan manti sa yo. Se yon pèlen li ye, epi se lènmi an ki tann li. Men sa Apòt Pòl te di : « *Men, mechan k'ap fè bagay pou twonpe moun yo pral pi lwen toujou nan mechanste yo, yo toujou ap twonpe moun, y'ap kite moun twonpe pwòp tèt yo tou* » (2 Timote 3.12). Lemonn anraje sou pwen sa, epi yo deja pa vle wè yon moun ki ta oze kanpe kont lide sa yo. Note byen sa Jezi te di : « *Tout moun pral rayi nou poutèt Mwen ; men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va sove* » (Mak 13.13). Epi ankò, lè Bondye t'ap pini Satan, Li te fè yon deklarasyon : Malgre Satan pral rive mòde pitit pitit Èv la nan talon pye li, pitit pitit Èv la ap kraze tèt Satan. Lè Bondye t'ap pale sou pitit pitit Èv la, Li t'ap pale sou Jezi Kris. Jezi Kris va bay Satan yon sèl kou ki fini avè l' pou toutan. Bondye va pote laviktwa alafen ! Glwa pou Bondye !

Men yon bagay Jezi te fè nou konnen : « *Se sèl nou ye pou moun sou latè...* ¹⁴*Se limyè nou ye pou moun sou latè...* ¹⁶*Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la* » (Matye 5.13–16). Bondye kite nou sou tè sa a pou n' rale zòrèy lòt yo, pou n' rele yo vin swiv Verite a.

Duane Nisly

LITE POU LAFWA



YON ETID SOU LIV JID LA

#6

Bondye Va Jije Apostazi

—Ronald Yoder

Pandan plizyè edisyon *Flanbo Verite A*, nou t'ap wè ansanm yon seri ansèyman ki baze sou lèt Jid te ekri a. Atik sa yo pale sou kijan nou dwe pran defans lafwa Bondye te ban nou an. Liv Jid la pa gwo ditou, men li pa yon liv ki lejè nonplis. Sa Jid te ekri, li ekri l' avèk tout dilijans. Li te fè anpil dilijans epi anpil efò pou li egzòte tout moun ki se frè li yo nan Jezi Kris.

Pou jan Jid te zele nan fason li abòde avètisman sa yo, nou ta dwe sezi sa li di nan yon fason ki trè serye. Nou ta dwe pran defans lafwa Bondye te ban nou an avèk anpil chalè.

Nou deja swiv senk (5) leson ki sòti nan lèt sa a. Nan premye leson lan, nou te tande kòman Jid egziye nou pou n' kenbe fèm sa Bondye ban nou an.

Vèsè 3 nan lèt Jid te ekri a fè n' sonje lafwa nou te resevwa a se menm lafwa a ki te la depi lontan. Se vre Kris te vini, epi se vre Li te etabli yon Nouvo Kontra ki akonpli tout bagay ki te nan Ansyen Kontra a (Matye 5.17). Men, Kris pa t' anile anyen nan Ansyen Kontra a. Se toujou menm lafwa a ki sove moun. Bondye pa chanje (Ebre 13.8).

Lèt Jid te ekri a egziye nou pou n' pa fè menm wout ak Kayen (Jid 1.11). Se te lògèy ki te mennen Kayen jouk li te touye frè li. Mwen pa mete nan tèt mwen Kayen te konprann li pral rive jouk kote li te rive a. M' pa kwè li te panse li pral leve men l' pou touye frè li. Men li te tèlman konsantrè sou tèt li, li te tèlman fòki sou lide pa l' epi sou enterè pa l'. Tout kòlè li yo epi tout kilpabilite li yo, li te vide yo tout sou tèt Abèl. Li pa t' dakò imilye tèt li pou wè se li menm menm ki te genyen tò nan bagay la.

Nou te etidye èrè Balaram te fè a tou (Jid 1.11). Nou te wè kijan Balaram te saf jouk li te mete tout kòmandman Bondye yo sou kote pou li te ka antre plis byen. Nan kòmansman istwa sa, ou ta di Balaram t'ap chache swiv direksyon Bondye a tout bon vre, men alafen li te rechte sa Bondye t'ap fè, epi li te kanpe kont volonte Bondye. Balaram te fè sa l' kapab pou fè pèp Izrayèl la peche. Li te mete nan tèt li se chemen sa a ki te ka fè l' mete men sou rekonpans Balak te ofri a.

Nou te etidye Kore, epi nou te wè jan li te peri nan fè rebèl (Jid 1.11). Li te fè rebèl kont Bondye paske li te anvè jwenn libète li. Kore te vle fè tout moun konprann yo tout te sen devan Senyè a. Li te vle fè yo konprann yo tout ka viv jan yo vle, epi pèsoun pa gen obligasyon pou soumèt devan otorite okenn lòt moun. Li pa t' dakò pou yon lòt moun genyen otorite sou li. Kore te rechte lide otorite a.

Nan edisyon ki pase a, nou te analize kijan mekan yo konn fofile antre nan mitan legliz. Yo tòde libète Bondye ban nou an, epi yo itilize l' pou yo fè nenpòt sa lachè pouse yo fè. Yo pa gen respè pou otorite espirityèl yo. Okontrè, yo madichonnen yo paske yo pa ka konprann yo. Yon moun konsa se yon moun ki ka tonbe nan peche fasil. Li pa gen okenn defans ki pare pou repouse lènmi an.

Enben, ki kote fo pwofesè sa yo ye menm ? Jid montre nou kijan moun sa yo te prezan deja andedan legliz Kris la alepòk. Si yo te deja andedan legliz la nan premye syèk la, èske yo pa pi fasil prezan jounen jodi a ? Yo la ap menase sante espirityèl nou an. Yo dèyè detwi legliz la.

Si mwen pran plim pou m' ekri sa m'ap ekri la a, se paske mwen vle ankouraje ou toudabò. Men, anmenmtan, fòk mwen avèti ou tou. Jezi ap vini avèk zanj Li yo pou jije tout moun sa yo ki abandone lafwa (apostazi). Moun ki lwen Bondye yo pral soufri konsekans yo pou sa y'ap fè, e pou manti y'ap bay. Se pral tankou Kayen, Balaram, epi Kore. Kore ak Balaram te mouri pou sa yo te fè a. Kayen, pou kont pa l', te oblije viv egzile. Li te oblije tounen yon vakabon k'ap plede mache toupatou. Li te pote yon mak ki te idantifye l', ki te fè pèsonn pa t' vle wè li.

Jid fè nou konnen mekan ki andedan legliz va sibi jijman devan Bondye. Yon bon jou, y'a vin genyen konviksyon sou tout peche yo te fè yo. Apre sa, yo va kondane. Yo va resevwa pinisyon. Selon vèsè 23, mekan yo va nan mitan dife etènèlman. Ala yon konsekans ki terib ! Nou pa dwe sezi dèske nou wè Jid te zele pou legliz la. Se paske li te vle moun evite vye konsekans sa a.

Men, nou pa dwe dakò pou n' annik chape anba vye pinisyon sa a epi pou n' rete la. Pito, se pou nou goumen, se pou nou lite pou n' defann lafwa. Lòd sa a, nou pa jwenn li sèlman nan lèt Jid te ekri a. Men menm lòd la ankò : « **Sèl bagay ki konsekan se pou nou viv yon jan ki konfòm ak bon nouvèl Kris la. Konsa... se pou m' tande jan n'ap kenbe fèm, jan n'ap viv ansanm youn ak lòt. Se pou m' tande jan n'ap mennen batay la ansanm pou defann konfyans bon nouvèl la fè nou gen nan Bondye** » (Filipyen 1.27). « **Timote, pitit mwen, m'ap renmèt ou kòmandman sa a, dapre pawòl pwofèt Bondye yo te di sou ou nan tan lontan an. Pran fòs sou pawòl sa yo pou ou ka mennen batay la byen** » (1 Timote 1.18).

Genyen anpil pasaj ankò ki konsa. Pou mwen menm, lè kretyen pale sou batay n'ap mennen an, twò souvan nou wè sa kòm yon batay kote se defann n'ap defann ase. Nou defann kont tantasyon. Nou defann kont eprèv. Nou fè sa n' kapab pou nou pa peche. Men, pasaj sa yo montre nou batay kretyen an se pa sèlman reziste kont mekanste. Nou dwe atake tou. Nou dwe pran pozisyon kont lènmi an. Nou dwe avanse sou li san nou pa pè. Wout n'ap fè a genyen objèktif. Note byen sa nou li nan Filipyen 1.28 : « **Pa kite okenn lènmi kraponnen nou...** »

Kounyeya a, ann gade vèsè 22 epi vèsè 23 toujou nan lèt Jid te ekri a : « **Gen pitye pou frè yo ki nan doutans toujou. Lonje men delivre yo, rache yo sòti nan mitan dife a...** »

Èske ou wè bagay la ? Batay nou an se pa yon batay kote nou chita defann sèlman. Se nou menm ki posede verite a. Piga lènmi an fè nou gen laperèz. Depi se verite a n'ap defann, nou ta sipoze toujou pare pou n' bay yon repons (1 Pyè 3.15). Nou ta sipoze konvenk sila yo ki kont nou, epi nou dwe fè l' yon fason pou yo pa kapab repwoche nou pou anyen (Tit 1.9-11). Se vre nou vle sove anba jijman Bondye a, men se pa sa sèlman. Nou anvì wè lòt yo sove tou.

Kounyeya a, kijan nou ka prepare tèt nou pou batay sa a ? Jid ban nou kèk prensip ki enpòtan.

Dabò, fòk nou evite divizyon. Nan vèsè 19, Jid esplike kijan divizyon sòti nan moun sa yo nou te deja egzaminen (Kore, Balaram, Kayen...). Nou dwe fè lekòtrè avèk moun sa yo. Ann gade ankò sa ki ekri nan Filipyen 1.27 : **« Sèl bagay ki konsekan se pou nou viv yon jan ki konfòm ak bon nouvèl Kris la. Konsa... se pou m' tande jan n'ap mennen batay la ansanm pou defann konfyans bon nouvèl la fè nou gen nan Bondye. »**

Pa gen dout, sèl fason nou kapab pote laviktwa se pou n' toujou men nan men avèk frè nou yo pandan n'ap lite ansanm. Se pou n' youn ede lòt.

Dezyèmman, Jid egziye nou pou nou kontinye grandi toujou nan konfyans (v. 20). Sa se yon pa annavan ankò. Nou pa sèlman gen tèt ansanm, nou pa sèlman dakò youn ak lòt, men nou dwe ap travay pou byennèt frè nou an, pou n' ede li grandi nan lavi esprityèl li. **« Se pou tout sa k'ap fèt ede legliz la grandi nan lafiwa »** (1 Kòrent 14.26). **« Okontrè, ann pale verite a avèk renmen nan kè nou, konsa n'a ka grandi nan tout sans nan Kris la ki chèf kò a. Gremesi Kris la, tout pati nan kò a byen òganize, yo tout byen mare youn ak lòt nan jwenti yo. Konsa, lè chak pati fè sa yo gen pou yo fè a, tout kò a ap grandi, l'ap devlope nan renmen »** (Efezyen 4.15–16). Ankò, genyen plis pasaj pase sa ki pale sou kijan li enpòtan pou frè yo travay pou kwasans youn lòt. Nou site de (2) sèlman.

Twazyèm prensip la se lapriyè (v. 20). Li esansyèl pou nou toujou genyen kontak avèk Papa nou ki nan syèl la. Si pandan n'ap mache avèk Kris, nou pa avanse jou an jou nan jan nou konprann Bondye, kijan n'ap konnen kòman nou dwe sèvi Li ? Se nan kominikasyon avèk L' n'ap avanse, epi se nan kominikasyon ak Li nou va konnen volonte Li.

Genyen yon pwen ki parèt klè nan pasaj sa a. Jid di : **« Avèk pouvwa Sentespri a, annou lapriyè san rete. »** Poukisa li enpòtan pou nou priye avèk

pouvwa Sentespri ? Genyen de (2) rezon. Youn, Bondye pa tandè nou si nou pa mande nan fason pou nou mande a. Jak di konsa : « **Menm lè nou mande, nou pa resevwa anyen, paske nou mande mal. Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou sèlman** » (Jak 4.3). Depi n'ap mande Bondye bagay ki pou satisfè lachè nou, nou p'ap jwenn sa n'ap mande a. Pa kont, si nou mande selon volonte Bondye, Li va reponn nou. « **Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen L'ap koute nou si nou mande L' kichòy ki dakò ak volonte Li** » (1 Jan 5.14).

Genyen yon dezyèm rezon kifè nou dwe priye avèk pouvwa Sentespri. Pafwa nou pa konnen kisa pou nou mande, men Sentespri a ede nou konnen. « **Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou fèb la, paske nou pa konnen kisa pou n' mande lè n'ap lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou. L'ap pouse gwo soupi moun pa ka esplike. Bondye menm ki konnen sa ki nan kè tout moun, Li konnen kisa Lespri Li a vle mande, paske sa Bondye vle a se sa Lespri Li a ap mande pou tout moun k'ap viv pou Bondye** » (Women 8.26–27). Depi nou pa konnen kisa nou dwe mande Bondye, osinon depi nou pa konnen sa Bondye vle nan tèl sitiyasyon, se Sentespri a ki plede pou nou devan Bondye. Nou kapab pwoche devan Bondye avèk yon konfyans total, se paske nou konnen Sentespri a va plede pou nou, depi kè nou dwat.

Katriyèm prensip la se pou n' toujou rete fèm nan renmen nou genyen pou Bondye (v. 21). Nou pa dwe fè anyen k'ap fè nou sòti anba favè Li. Fason yon moun ka rete toujou anba favè Bondye se pa bagay konplike li ye. Jezi esplike kòman pou nou fè l' : « **Si nou fè tout sa Mwen ban nou lòd fè a, n'a renmen M' tou menm jan Mwen renmen nou an. Menm jan Mwen menm, Mwen fè tout sa Papa a te ban M' lòd fè a, Mwen renmen L' menm jan Li renmen M' tou** » (Jan 15.10).

Se senp, pa vre ? Nou annik swiv kòmandman Bondye yo. Malerezman, nati nou ki chite se yon nati ki fè rebèl kont obeyisans. Malgre sa, obeyisans se bagay ki kle si nou vle rete fèm nan renmen Bondye a.

Senkyèm prensip la se pou nou « **tann Senyè nou, Jezikri, k'ap vin ban nou lavi ki p'ap fini an paske Li gen pitye pou nou** » (v. 21). Sa vle di, fòk nou pèsèvere san nou pa afebli. Nou pa rive kote nou pral rive a nan yon sèl kou. Pandan nou nan wout, nou toujou anfas pwoblèm, difikilte, ak eprèv. Men si

nou pèsevere, si nou rete fèm nan renmen Bondye a, si nou tann Senyè nou an ak pitye Li genyen pou nou an, nou va rive nan lavi etènèl. Ann gade yon lòt deklarasyon Senyè nou an fè : « *Tout moun pral rayi nou poutèt mwen. Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se yo ki va sove* » (Matye 10.22).

Pou n' toujou kenbe la, fòk je nou toujou kole sou bi a, sou objèktif la. Piga nou distrè. Piga nou viv nan de (2) chemen. Nati lòm se pou l' toujou mache dèyè sa ki pi enpòtan pou li menm. Pa ka genyen de (2) bagay ki pi enpòtan.

Enben, kisa nou ka di nan sa ? Tit atik sa a se *Bondye Va Jije Apostazi*. Nan edisyon ki pase yo, nou te deja egzaminen yon seri eretik tankou Kayen, Balaram, epi Kore. Yo se moun ki te abandone lafwa. Nou te ka rele yo apostata, osinon vandèpo, osinon kameleyon petèt. Genyen moun konsa toujou, epi yo dèyè pou yo rann nou sal nou menm. Enben, yo va jwenn ak pinisyon ki pou yo a. Nou menm, vre legliz Kris la, nou pa gen okenn lide vire kite Bondye nou an. Nou vle swiv Li nenpòt kote Li mennen nou. Nou bezwen fikse je nou sou Li menm, epi swiv Li fidèlman. Konsa, apre jijman, nou va bò kote Li.

« *Kounyeya a tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite pou yon sèl Bondye a, pou Bondye ki ka kenbe nou pou nou pa tonbe, Li menm ki kapab fè nou parèt san repwòch ak kè kontan devan L' nan tout bèl pouvwa Li. Li menm, sèl Bondye ki delivre nou granmès Jezikri, Senyè nou an, wi, se pou Li tout lwanj, tout grandè, tout pouvwa ak tout otorite, depi nan tan lontan, kounyeya a ak pou tout tan. Amèn* » (Jid 24–25).



« *Tout moun pral rayi nou poutèt mwen. Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se yo ki va sove* »
(Matye 10.22).

BIB SEKRÈ A

Lanne a se te 1555. Yon dam ki rele *Mary Tudor* te sou twòn peyi Angletè a ansanm avèk mari l' ki te rele *Philip*. *Philip* sa a se te Prens peyi Espay. *Mary* sa a se li menm yo konn rele *Mary I* (Mari Premye) paske li te premye larenn peyi a ki te pote non *Mary*. *Mary Tudor* te vin genyen yon lòt ti non tou. Yo te konn rele li « Mari Sanglan » paske li te sitèlman pèsekite epi touye anpil kretyen yo ki te nan peyi a.

Se te pandan reny *Mary I*, yon bòs fòjon t'ap viv nan yon ti katye yo te rele *Harrant*. Li t'ap viv ansanm avèk pitit fi li a ki te rele *Elsie*. Kay kote yo te rete a te tou kole ansanm avèk chòp la kote bòs la te travay. Dèyè chòp la te genyen yon bèl jaden. Nan tout bagay bòs la te posede, sa ki te pi chè pou li se te yon Bib. Bib la te kouvri avèk po bèf. Bòs la te konsève Bib la malgre Larenn *Mary I* te deja fè yon dekrè kont sa. Larenn peyi a te pase yon lwa ki di pèsonn moun nan wayòm li a pa gen dwa posede yon Bib, epi si yo ta kenbe yon moun avèk yon Bib, moun sa a merite lanmò. Madanm bòs fòjon an te mouri deja. Kounyeya a, *Elsie* te pase anpil tan ap jwe nan chòp la pandan papa l' t'ap travay. Tifi sa te renmen chita gade pandan papa l' t'ap bay fè yo kout mato. Avèk chak kou, yon bann etensèl te toujou vole anlè tou klere. Nan tèt *Elsie*, etensèl sa yo te bèl tankou bijou k'ap vole sòti nan dife a.

Yon bon jou, se te nan maten, *Elsie* te fin fè travay li yo nan kay la. Li te antre nan chòp la, epi li jwenn papa l' ki kanpe dèyè pòt la avèk Bib la nan men li. Tèt li te bese sou liv la. Li t'ap li pawòl sakre yo ki ekri ladann. Tèlman lespri li te lwen nan lekti a, li pa t' menm rann kont pitit fi li a ki te antre nan chòp la. *Elsie* pa t' vle deranje papa l'. Konsa, li pa t' brannen ditou ditou. Je l' te fikse sou papa l'.

Ala yon sezisman sa te ye pou *Elsie* lè l' te wè sa ki te rive apre sa. Lè papa l' te fin li nan Bib la, li te pran yon bout bwa tou long ki te kanpe dèyè pòt la. Avèk bwa a, li te teke youn nan gwo travès yo ki te anlè a. Kou l' fin teke travès la, yon ti pòt piti te ouvri desann. Se te yon kòf sekre. Kòf la te menm gwosè avèk Bib la.

Bòs la te foute Bib la andan ti espas la, epi li pouse pòt la monte nan plas li. Si ou pa t' konnen, ou pa t'ap wè travès la genyen anyen. Bib la te byen cache anlè a. Lè bòs la vire, je l' tonbe sou *Elsie* ki t'ap gade l' men nan bouch. Li te pale sevè ak tifi a. Li di : « *Elsie* ! Kòman ou fè rete la ap gade m' konsa » ?

Je tifi a te kòmanse ponpe dlo pandan li di : « Se... se pa anyen, non, Papa. Ou pa t' tande m' lè m' te antre. Mwen pa t' vle deranje ou, non. Mwen pa t' konnen anyen. Mwen pa t' konnen ou tapral kache Bib la anlè a. Men kote ou kache l' la, sa bon nèt. Sòlda Larenn yo p'ap janm kapab twouve l' kote li ye a. »

Bòs la te reponn : « Oke, pitit mwen. Dakò. Men, fè sèten ou pa janm di pèsounn moun sa ou te wè a. Ou tande » ? Bòs la te byen fèm.

Elsie di konsa : « Ou pa bezwen pè, Papa. Mwen renmen Pawòl Bondye menm jan avèk ou. M'ap toujou pwoteje li. Menm si m' bezwen mouri, m'ap defann liv sa a. »

Papa l' reponn : « Mwen kwè sa ou di a. Men, m' ta santi m' pi bon si ou pa t' konnen anyen nan kibò mwen sere li. N'ap viv nan yon epòk ki dwòl anpil. Larenn peyi a pase lòd pou chèf yo ranmase tout Bib nan peyi a pou yo kapab boule yo. Li di nenpòt moun yo ta kenbe avèk yon Bib nan men, se touye pou yo touye li. Men, mwen pa ka rive bay Bib mwen an. Sòti isi a rive jouk bò lanmè a, se sèl kopi sa a ki rete toujou. Yo gentan pran tout lòt yo. M'ap di ou yon lòt fwa ankò : Piga ou pale bagay sa a. Pèsounn moun pa dwe konnen kibò Bib sa ye. »

Jou yo te difisil anpil pou bòs fòjon an epi pou tout kwayan yo ki t'ap viv nan katye sa a. Chèf yo ki t'ap sèvi Larenn *Mari I* te vin konnen genyen yon Bib ki rete toujou nan bouk la, nan *Harrant*. Yo pa t' konnen kibò li te ye egzak. Konsa, yo tonbe fouye kay moun. Moun yo nan ti bouk la pa t' konn li. Se te sèlman bòs fòjon an ki te alfabetize. Poutèt sa, chèf yo te vin sispèk li. Yo te mete l' nan prizon.

Sa te rèd pou *Elsie*. Li te pou kont li, san papa l'. Li te pase plizyè jou akable, malgre vwazen li yo te fè efò pou yo ede li. Kè l' te kase pou afè Bib la. Li te tèlman bay tèt li pwoblèm pou sa, li te kòmanse pèdi koulè l'. Jou apre jou, li t'ap fennen pi plis. Li pa t' konnen kisa demen tapral pote pou li. Li te konnen byen pwòp kote Bib la te kache a, epi li te fè Papa l' pwomès li dakò mouri pou li pwoteje Bib sa a.

Yon jou, sòlda yo te rive nan bouk la ankò, epi yo tonbe fouye kay yo. Yo t'ap antre nan kay moun yo youn apre lòt ap chache Bib la. Konsa, *Elsie* tande sòlda yo di konsa : « Ann boule kay bòs fòjon an ak tout chòp la. Si Bib la kache andan, n'a rive detwi li kanmenm. »

BIB SEKRÈ A

Lè sòlda yo te parèt devan kay la, *Elsie* te chape nan kay la. Li pase nan pòt dèyè, epi li travèse jaden an. Li rive yon bon ti distans, epi li kouche plat atè nan mitan kèk touf bwa. Tout kò l' t'ap tranble atè a.

Tifi a pa t' vle reflechi sou kòman sa t'ap ye si sòlda yo te mete men sou li. Yo tapral tòtire li jouk li devwale kote Bib la kache a.

Yo tapral peze l' jouk li fè yo jwenn pi gwo trezò Papa l' te posede a. Pou *Elsie*, Bib sa a te vo plis pase yon kouwòn lò ki kouvri ak dyaman.

Elsie te kòmanse kalme lè l' remake sòlda yo te gentan kite kay la. Men, se nan moman sa a li te pran sant yon lafimen. Yon sèl kè sere pran tifi a. Sanble sòlda yo te lage dife nan kay la vre ! Li leve tèt li anlè pou l' gade byen, epi li wè pay yo ki kouvri kay la te deja pran dife.

Nan moman sa a, *Elsie* pa t' wè tèt li ditou. Se yon sèl bagay ki te nan tèt li, se te Bib papa l'. Nan tout rejyon an, se te yon sèl Bib ki te rete a. Se te li menm. Tifi a te sonje ki pwomès li te fè tou, kòman li pral pwoteje Bib la nenpòt kijan, menm si li oblije mouri. *Elsie* te dakò ak tout kè l'. Nan moman sa a, li pa t' ka panse sou okenn lòt bagay. Fòk li pwoteje Bib papa l' la.

Li te kouri antre nan kay la avèk yon sèl bi. Li pral sove Bib la. Solèy la te kòmanse kouche, epi konsa sòlda yo pa t' remake tifi a ki kouri antre nan kay la. Kou l' rive, li antre nan chòp la. Flanm dife yo t'ap fonsè sou li. Figi l' ansanm ak men li yo te brile. Malgre sa, li te ouvri pòt kòf sekre a pou li pran Bib la. Avèk Bib la byen fèm nan men l', li fè yon fason pou li sòti deyò. Lè l' fin rive nan jaden



an, li tonbe ajenou. Pye l' yo te fè l' mal, epi li t'ap plede touse poutèt lafimen ki te antre nan lestonmak li. Malgre tout bagay sa yo, nan fon kè l' li te santi li bon. Li tonbe di Bondye mèsi dèske Bondye te fè l' reyisi nan misyon an.

Pou fè sèten Bib la pa t' donmaje, *Elsie* te vlope l' nan jip li a. Malgre men li yo te brile nan dife

a, li te fouye yon twou nan tè a kanmenm. Apre li te fin sere Bib la anba tè a, li te mache sou kat pat pou li rive bò yon tiyo ki te la nan jaden an. Li lave



figi l'. Dlo a te fre. Sa te bon pou li. Li lave men li yo.

Apre inèdtan konsa, moun yo nan vwazinay la te jwenn *Elsie* atè bò tiyo a. Li pa t' genyen nanm. Yo te kouri pran swen li. Apre yon tan, li te reveye. Moun yo t'ap konsole l', epi yo t'ap felisite l' pou gwo kouraj li te montre. Li te brav. Apre sa, yo tout te al gade kote tifi a te sere Bib la. Tout moun yo ki te prezan te pwomèt yo va pwoteje Bib sa a, menm si yo oblije bay lavi yo.

Yon bann ane apre sa, menm moun sa yo te konn rakonte istwa sa a bay pitit yo. Yo te fè pitit yo tandè istwa yon jenn tifi ki te sitèlman brav, ki te renmen Bib la anpil, epi ki te rive sove Bib papa l' nan yon kay ki te pran dife.

Nou pa konnen idantite moun lan ki ekri tèks sa a.
Li sòti nan : *The Words of an Elder* (Pawòl Yon Ansyen)





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Avantaj Ki Genyen Nan Mouri

« Sa M'ap di nou la a, se vre wi : Yon grenn mayi ap rete pou kont li toutotan li pa tonbe atè pou l' mouri. Men tou, si l' mouri, l'ap bay anpil grenn » (Jan 12.24).

Sa genyen nenpòt senkant (50) ane depi mwen t'ap prepare yon mesaj pou m' preche yon jou Dimanch maten. Kòm preparasyon, mwen te deside kontwole kèk bagay. Mwen te mache ale nan jaden ble mwen an ki te tou pare pou rekòt, epi mwen te rache twa (3) pye ble nan tè a kote yo te kanpe. Tout kiltivatè konnen byen yon pye ble sòti nan yon grenn ble ki te peri anba tè a. Selon kontwòl mwen te fè jou sa a, chak pye ble te genyen anviwon wit (8) branch. Chak branch te genyen grenn ble ki donnen sou li, anviwon vennde (22) grenn sou chak branch. Konsa, mwen te twouve



anviwon 176 grenn ble pou chak pye ble mwen te rache nan tè a. Chak grenn ble mwen te kenbe nan men m' te menm jan avèk grenn sa yo ki te peri anba tè a epi ki te pèmèt pye ble sa yo pouse. Men, ti kontwòl mwen t'ap fè a pa t' rive la sèlman. Li te ale pi lwen toujou.

Sipoze mwen te plante 176 grenn ble sa yo ane pwochen, e sipoze yo chak te donnen prèske menm jan an avèk twa (3) pye yo mwen te rache a. Selon matematik mwen fè, nan fen dezyèm rekòt la, mwen t'ap genyen 30 976 grenn ble nan men m'. Tout grenn sa yo posib apre dezan (2) paske yon sèl grenn ble te pèdi lavi li nan kòmansman premye ane a. Men, si mwen replante tout grenn sa yo ankò pou yon twazyèm rekòt, m'ap fini avèk senk (5) milyon grenn ! Pou di vre, se 5 451 776. Senk milyon grenn ! Pakèt grenn sa yo se grasa yon sèl premye ti grenn ki te dakò peri. Apre senk (5) ane, mwen t'ap rekòlte plis pase 5 000

tòn ble. Ebyen, 5 000 tòn ble t'ap ranpli nenpòt 200 gwo kamyon. Ala yon mèvèy !

San dout, lè Jezi t'ap pale pasaj ki ekri anlè a, Li t'ap pale sou pwòp lanmò pa Li. Nou tout konsyan lanmò Jezi deja chanje lavi anpil, anpil moun. Men, nan vèsè 25 epi 26, Li pale toujou. Li fè nou konnen sa : Si nou pa dakò mouri anvè tèt nou, nou tou pèdi lavi nou nèt. Lavi, se nan lanmò li sòti. Depi nou mouri anvè tèt nou, depi nou dakò pou n' toujou mete lòt yo devan nou, anpil moun va jwi benediksyon. Èske ou dakò mouri anvè tèt ou ? Èske ou dakò toujou mete lòt yo devan ou ?



Aktivite Timoun

REPONS

B	X	R	T	Y	U	K	H	N	M	L	V	P	L	I	M	Q
C	H	E	V	A	L	S	D	F	G	H	J	W	J	K	L	Ò
W	R	G	A	N	V	W	I	Ò	T	M	N	A	F	D	E	G
I	P	W	X	S	Q	A	Z	W	R	K	E	Z	D	C	R	F
V	T	G	B	I	Y	H	R	N	I	J	S	O	U	P	M	I
O	B	W	C	K	A	N	A	T	P	A	C	N	Ò	I	C	V
M	J	C	È	L	B	D	N	A	O	D	F	G	H	J	K	T
N	U	M	G	O	P	R	M	M	T	B	V	C	X	Ò	G	E
R	A	V	D	P	F	G	A	R	A	Q	U	M	K	L	O	T
K	L	E	R	E	T	I	S	D	Y	J	S	T	V	R	B	R
W	X	E	C	D	R	V	E	T	R	Y	N	W	U	M	I	A
P	O	T	R	I	W	A	V	B	Z	È	Ò	O	N	H	C	N
I	O	N	E	G	L	I	J	A	N	C	X	N	A	S	T	G
M	W	E	W	R	V	C	O	U	L	L	O	P	I	T	A	L
R	I	M	È	V	E	R	I	T	Ò	P	I	E	C	H	Ò	E
A	P	S	I	R	D	J	Ò	L	È	X	Y	M	Q	T	R	O

SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Chache Moun Ki Pèdi Yo

Leson 12b

OBSÈVASYON #7 : Sentespri fè moun temwaye pou Jezi.

Malgre li ka sanble nou te deja mete pwèn sa a klè nan etid nou deja, nou fè yon kanpe pou n' remake pwèn sa a paske kèkfwa lè Sentespri ap travay, moun kite bon chemen an pou yo pase lòt kote.

« Na resevwa yon pouvwa » se yon fraz ki sonnen byen nan zòrèy nou. Pisans konn rale nou menm jan limyè rale ti bèt. Je nou yo louvri laj lè nou wè Bondye demontre pouvwa Li nan yon mirak. Malerezman, menm moun ki chanèl kapab eksite sou pisans ki tankou sa ki esplike nan Travay 1.8. Nou tout ta renmen ap mache fè gran bagay. Nou anvi genyen bèl istwa eksitan pou nou rakonte bay moun.

Men Sentespri pa janm pran pa nan anbisyon lòm natirèl la. Travay Sentespri a se pou leve Jezi pi wo. Pisans Li se pou sila ki bliye tèt yo pou bay lavi yo nèt nan men Jezi. Lè dezi nou se sèlman leve Jezi, lè chay nou se temwaye bay sila yo ki pa t' tande, lè dezi pèsonèl nou se pou konnen li pi byen chak jou, Sentespri vle vini sou nou, antre nan nou, e pale nan nou. Li va pran pawòl ki sòti nan bouch nou e fè yo tounen yon twonpèt k'ap pwoklame Levanjil la. Li va pran feblès nou e fè yo tounen mesaj pisan sou gras Kris. Li va ranpli nou ak fòs. Li va konble vid nou yo. Epi Li va akonpli bagay ki depase sa nou ta espere. Lè sa a, p'ap genyen lòt bagay pou nou di ke: « Se pa mwen menm, se Kris. »

Kesyon Pou Etid

1. Ki kalite pisans Bondye te pwomèt nan vèsè sa yo ? Ki enpòtans li genyen pou moun k'ap temwaye pou Jezi ?
2. Ki egzanp ou kapab bay sou moun ki vle pisans, menm pisans esprityèl, men ki vle li pou bi ki pa dwat ? Kòman Travay 8.19 montre danje sa a ?
3. Kisa sa vle di lè yon moun se yon temwen Jezi ?
4. Mo grèk ki tradwi « temwen » se menm mo ki tradwi « mati » kèkfwa. Kòman sa afekte jan ou konprann pwomès sa a ?
5. Kisa ki Jerizalèm pa ou la ? E Jide ? E Samari ?
6. Èske genyen kèk kote « jouk nan dènye bout latè » ki toujou bezwen Levanjil la ?
7. Eseye dekouvri konbyen tan pifò nan travay evanjelizasyon an se te nan Jerizalèm li te ye. Konbyen lane sa te pran jistan Levanjil la te preche nan Samari ? Konbyen tan sa te pran jistan yon efò te òganize pou pote Levanjil la bay pèp ki pa Jwif yo ? Èske kantite ane ki te pase yo e aktivite apòt yo diran lane sa yo ede nou konprann kisa ki nesèse pou nou ka fè siksè nan evanjelizasyon jòdi a ? Kòman ?

Sentespri pa t' kite Pòl ak Timote al' anonse pawòl Bondye a nan pwovens Lazi a. Se sa k' fè yo te pase nan zòn Friji ak zòn Galasi san rete. Lè yo rive toupre lavil Mizi, yo te vle ale Bitini, men Lepri Jezi a pa t' pèmèt yo fè sa. . . . Nan mitan lannwit, Pòl fè yon vizyon: li wè yon nonm ki te sòti peyi Masedwàn kanpe devan l' ki t'ap di li : Tanpri, vin nan peyi Masedwàn, vin pote nou sekou. Aprè Pòl te fè vizyon sa a, lamennm nou chache pou n'ale nan peyi Masedwàn. Nou te sèten se Bondye menm ki te rele nou pou n' te al' pote bòn nouvèl la bay moun ki nan peyi sa a. Travay 16.6–10.

OBSÈVASYON #8 : Evanjelizasyon mande pou nou sansib ak direksyon

Sentespri.

(Kontinye nan paj 20)

ISTWA BIBLIK

YON NONM PARALIZE

Jezi Geri epi Padone Peché

Jezi te vin popilè anpil akòz travay ansèyman ak gerizon Li. Te toujou gen plis moun ki t'ap vin jwenn Li. Men souvan Jezi te jwenn yon kote trankil byen lwen fòl la. Se la Li te konn lapriye Papa Li pou ba Li fòs.

Dirijan legliz Jwif yo, sa yo te rele direktè lalwa ak Farizyen yo, te konn swiv Jezi tou. Men yo pa t' gen lafwa nan Li. Yo te sèlman ap chache jwenn kèk fot nan Li paske yo te jalou.

Yon jou Jezi t'ap anseye nan yon kay plen moun. Briskeman yo te tande bri sou do kay la. Te gen moun ki t'ap fè yon twou nan fetay la !

Te gen plis moso toujou ki t'ap dekole nan fetay la, apre sa yon gwo bagay te file desann tou dousman. Se te yon nonm paralize sou yon nat ! Kat gason te file li desann ak yon kòd bay Jezi.

Jezi te kontan pou wè lafwa yo te gen nan Li. Li te kontan paske mesye yo te pran tout traka sa a pou zanmi yo ki te malad.

Tout moun t'ap swiv sa Jezi ta pral fè. Èske Li ta pral fè yon mirak ? Malgre Jezi pa t' janm wè nonm sa a anvan, Li te konnen te gen yon bagay nonm lan te bezwen ki te menm pi enpòtan pase gerizon kò li. Jezi te di li : « Pitit gason Mwen, fè kè ou kontan, paske peche ou yo padone. »

Direktè lalwa ak Farizyen yo te vekse poutèt pawòl Jezi yo. *Kòman Li oze padone nonm sa a !* yo te panse. *Se sèl Bondye ki kapab padone peche. Kiyès moun Li panse Li ye ?*

Jezi te konnen sa direktè lalwa ak Farizyen yo t' ap panse. Li te mande yo : « Èske li pi difisil pou padone peche pase pou geri maladi ? Mwen pral montre nou ke Mwen gen pouvwa pou padone peche. »

Epi Jezi te vire bò nonm paralize a epi Li te di : « Leve, pran nat ou, ale lakay ou. »

Imedyatman nonm lan te leve e li te woule nat li. Li te kòmanse mache pou li ale lakay li pandan li t'ap remèsye Bondye ak kè kontan.

Kat zanmi nonm lan, ansanm ak moun yo ki te wè mirak sa a, te fè lwanj Bondye tou. Yo te etone pou gwo pouvwa Li.

Matye 9.2–8 ; Mak 2.2–12 ; Lik 5.17–26



Yo file nonm paralize a desann nan twou a bay Jezi.

Jezi te di li : Si Mwen kapab menm ! ...Tout bagay posib wi pou moun ki mete konfyans yo nan Bondye. (Mak 9.23)

1. Kisa nonm lan te genyen ?
2. Kiyès ki te mennen nonm lan bay Jezi ? Kòman yo te fè sa ?
3. Kisa Jezi te fè pou li ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

Nou limite nan vizyon nou. Nou pa konnen lavni a. Nou pa menm konnen anpil bagay sou sa k'ap fèt koulyeya. Si nou t'ap fè travay la pou kont nou, tout efò nou ta fè pou di sa ki bon nan lè ki bon pou moun ki bon ta sipozisyon ase. Sentespri pa fè travay Li nan sipozisyon. Li konnen kè a. Li konnen tan an. Li konnen pawòl k'ap efikas la. Moun ki fè travay Seyè a dwe genyen kè yo e zòrèy yo akòde ak vwa Sentespri.

Kèkfwa direksyon Sentespri kapab kont lide pa nou yo. Pou nou menm k'ap li Bib la, nou ta mande sa k' pase pou « Lespri Jezi a pa t' pèmèt » Pòl ak konpayon li yo ale preche nan Lazi. Alò Bondye konnen *tout* bagay. Li fè *tout* bagay byen. Yon fanm ki rele Lidi ki te kote yon sèten rivyè nan Masedwàn te bezwen Pòl nan yon sèten jou. Yon fi ki te esklav te bezwen Pòl yon lòt jou nan yon sèten lari. Yon gadyen prizon te bezwen tandè Levanjil la yon sèten tan nan nwit la. Seyè a te dirije Pòl nan direksyon moun sa yo divès fason, men nan tout bagay sa yo Pòl pa t' ka lwanje tèt li pou bon konprann li—li te annik swiv direksyon Seyè a.

Chak kwayan dwe aprann tandè vwa Sentespri ki pale nan kè a. Li enpòtan. Moun ki viv selon dezi chè yo ap mal dirije fasilman (sonje leson 8 kote nou te pale sou bagay ki fè enpresyon sou nou). Nou kapab konfyè nan Jezi pou gide nou anmezi nou dakò mache nan mak pye Li yo.

OBSÈVASYON #9 : Evanjelizasyon ki fèt anba direksyon Sentespri ap akonpli bi li.

Lè nou obeyei vwa Sentespri fidèlman, L'ap fidèl pou fè sa Li gen pou fè. Gade rezilta rankont Pòl te genyen yo aprè li pa t' ale Masedwàn. Lidi te sove, esklav la te delivre, gadyen prizon an ak tout moun lakay li te batize, epi legliz la te etabli nan zòn Filip la.

Rezilta sa yo pa yon glwa pou Pòl men pou Seyè a. Se nan men Li rezilta yo sòti.

Kesyon Pou Etid

1. Sou yon kat jewografi, trase zòn kote Pòl te preche nan Travay 16.6–10. Kòman zòn sa a konpare avèk travay li nan premye vwayaj misyonè li.
2. Kilè Pòl te ale nan rejyon Lazi sa yo ke Seyè a pa t' pèmèt li ale nan moman sa a ?
3. Ki nouvo teritwa ki te louvri pamwayen apèl ki te sòti Masedwàn nan ?
4. Fè lis tout moun ki te vin jwenn Seyè a aprè Pòl te antre nan Lewòp. Fè lis tout plas kote legliz yo te etabli. Kisa pasaj sa yo di nou sou sajès direksyon Sentespri ?

Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou anonse bòn nouvèl la, li bay dèt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè. Konsa li byen

òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans. Li fè sa pou nou tout ansanm nou ka fè yon sèl kò nan konfyans nou genyen an ak nan konesans Pitit Bondye a. Konsa nou tout ansanm nou va ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt. Efezyen 4.11–13.

OBSÈVASYON #10 : Evanjelizasyon se yon fonksyon andedan legliz la ki mande patisipasyon chak manm e kolaborasyon tout kò a.

« Fè disip pou Jezi » se yon travay legliz li ye. Anpil manm diferan genyen wòl pa yo nan delivrans e devlopman yon grenn kwayan. Kòm egzanp, imajine yon Kreyen k'ap kalkile sou tout moun ki te ede l' rive kote li rive : Dabò se te temwayaj pèsònèl yon moun ki te mennen li anba konviksyon ; se te lavi yon lòt moun ki te ede l' wè verite Levanjil la ; se te yon lòt moun ankò ki te ba li yon bwochi Levanjil ; se te yon lòt moun toujou ki te mennen li nan repantans e lafwa nan Kris ; se te lidè legliz la ki te enstwi li ; epi se te anpil lòt moun ki te lapriyè avèk li, ki te fè etid bibliik avèk li, ki te ba li ankourajman, ki te travay ansanm avèk li nan adorasyon e nan rann sèvis. E anmezi moun sa va grandi, legliz la va ba li responsabilite espiyityèl ki va ankouraje plis devlopman toujou. Enben, kilès moun ki fè moun sa a vin disip ? Repons la se legliz la ki te fè sa.

Lè nou mete lafwa nan Kris, nou antre nan lasanble kwayan, e chak manm nan asanble a vin yon mwayen pou nou nourir, pou nou pran fòm, e pou nou avanse anè matirite nan Kris.

Se pou Bondye pa sèlman ban nou *evanjelis* ki plen Sentespri, men se pou Li ban nou *asanble* ki plen Sentespri epi ki ka fè moun grandi pou Jezi jistan Li retounen.

Kesyon Pou Etid

1. Gade chak don ki nonmen nan Efezyen 4.11. Etidye mo sa yo, ekri yon definisyon pou chak don e di kòman don sa a nesese nan fè moun disip pou Jezi.
2. Bay plizyè egzanp nan Nouvo Testaman an sou chak don ki genyen nan Efezyen 4.11. Kisa ki te rezilta a lè moun sa yo te fè lòt moun disip ?
3. Selon Efezyen 4.12 epi 13, fè lis tout bi ki dwe fè moun egzèsè don sa yo.
4. Site plizyè mo nan pasaj sa yo ki itilize pou esplike pwogrè espiyityèl. Etidye pasaj sa a nan lòt tradiksyon tou si ou kapab. Kisa ou aprann ?
5. Pasaj sa a espliche devlopman matirite tout legliz la e pa devlopman yon Kreyen endividyèl. Kisa lide sa a ajoute nan fason ou ap konprann pasaj la ? Nan ki fason yon gwoup ka devlope matirite espiyityèlman ? Ki rezilta si yon

gwoup rete san matirite espiyèlman ?

6. Panse sou legliz la kòm kò yon moun. Fòk se tout legliz la (pa senpleman yon sèl moun) ki pou fè volonte Jezi. Kòman ou ka esplike sa ? Fòk se tout legliz la (pa senpleman yon sèl moun) ki pou demontre Jezi nan lemonn. Kòman ou ka esplike sa ? (Gade Jan 17.23).

METE LEKRITI AN PRATIK

1. Kòman Kreyen yo konn pèdi vizyon sou otorite Jezi pafwa, e kòman sa genyen efè sou jan yo travay pou fè moun disip pou Jezi ? Kòman yo kapab renouvle respè yo pou otorite Jezi ?
2. Pòl te pale sou jan li te vin tout bagay pou tout moun pou li ka fè yo vin jwenn Kris. Kòman prensip sa a aplike nan evanjelizasyon jòdi a an Ayiti ? Kòman sa aplike pou Ayisyen ki ale nan peyi Brezil oubyen Lafrans oubyen Etazini ?
3. Ki metòd ki pi efikas nan chache Ayisyen ki pa kwè yo ? E pou chache Ameriken ki pa kwè yo ? Ki metòd ki pa fasil gen siksè isi a (ki kapab genyen siksè lòt kote) ?
4. Kòman kwayan yo ka travay ansanm youn ak lòt nan evanjelizasyon epi nan fè disip ? Site kèk fason nou kapab rann vizyon nou pi klè, oubyen ankouraje lòt moun patisipe, oubyen devlope abilite nou nan chache moun ki pèdi ?
5. Ki bagay ki nesèse pou legliz la genyen siksè nan evanjelizasyon e nan fè disip ? Ki atitid nan legliz ki kapab anpeche travay evanjelizasyon ? Èske yon legliz ka tonbe nan yon mantalite kote se moun ki anndan ki anndan nèt epi moun ki deyò deyò nèt jouk yo pa menm byen akeyi moun ki vin jwenn yo ? Kòman yon pwoblèm konsa ka devlope nan yon legliz, epi kisa ki kapab fèt pou konbat sa ?
6. Kòman nou dwe santi nou konsènan zòn sila yo nan monn lan ke Levanjil la poko janm touche jòdi a ? Kisa nou ka fè pi byen ? Kòman nou kapab fè plan pou touche zòn sa yo ? Nan ki dimansyon nou dwe ini avèk lòt gwoup k'ap fè efò pou rive nan zòn ki poko touche yo ?
7. Kòman nou kapab ankouraje e sipòte moun k'ap travay nan lòt zòn oubyen nan lòt peyi ? Èske ou ka imajine kèk mwayen pou sipòte yo pi byen toujou ?

Se lafen

—John Coblenz
Itilize avèk pèmasyon : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

Inyas (Ignace d'Antioche), Yon Disip Apòt Jan,

Yo te fè bèt Sovaj devore li nan yon estad, poutèt temwanyaj li te bay pou Pitit Bondye a, lanne a se te lanne 111

Inyas se te youn nan disip yo ki te swiv apòt Jan li te ye. Li te vini apre Pyè epi apre *Évode d'Antioche*. Li t'ap sèvi legliz Kris la nan lavi Antyòch, nan peyi Lasiri. Li te gen krentif pou Bondye anpil. Li te fidèl epi devwe nan sa l' te jere yo. Yo te ba li yon tinon Teyoforis. Teyoforis vle di Sila Ki Pote Bondye. Li ta sanble non Bondye epi non Sovè a te toutan nan bouch Inyas, kòmsi li te pote yo tout kote li ale. Li te mennen yon vi ki dwat devan Bondye. Souvan li te di : « Lavi yon nonm se lanmò kontinyèl, sof si Kris viv nan nou. » Yon lòt bagay li te di se : « Sèl sa m' renmen, epi sa m' renmen nèt ale, se Kris krisifye. » Li te di ankò : « Sila ki pèmèt moun konekte l' avèk yon lòt bagay ki pa Kris, se pa pou Bondye l'ap viv. » Yon lòt pawòl ankò Inyas te di se : « Menm jan lemonn rayi kretyen, se konsa Bondye renmen yo. »

Inyas te aprann Anperè Trajan te fè yon bagay. Anperè a te pote laviktwa nan gè kont yon bann nasyon ki te sitiye sou bò solèy leve. Apre viktwa sa yo, anperè a te fè sèvis pou di bondye Antyòch yo mèsì dèske yo te ba li viktwa. Yo te ofri gwo sakrifis pou zidòl sa yo. Selon yon ekriven ki rele *Nicéphore*, Inyas te repwoche anperè a piblikman nan tanp lan.

Anperè Trajan te anraje nèt ale. Li fè arete Inyas. Men, pèp la te respekte Inyas anpil. Konsa, Anperè Trajan pa t' vle pou yo pini l' la a kote pèp Antyòch la t'ap asiste tout bagay. Li te pè sa pèp la te ka fè. Konsa, li te lage Inyas nan men dis (10) sòlda, epi li voye l' tou mare ale nan lavil Wòm. Se la a pou yo ba li pinisyon.

Pandan li te nan wout, moun yo te anonse devan li kijan li tapral mouri. Se te bèt sovaj ki tapral dechire l' devan moun yo nan lavil Wòm.

Nan wout pou l' mouri a, li te ekri divès lèt pou zanmi li yo, pou sila yo ki te kenbe fèm nan Kris. Li te ekri tou pou legliz Kris la nan lavil Esmin, nan Efèz, nan Filadèlfi, nan Tralis, nan Mayezi, nan Tas, epi nan lavil Filip. Li te ekri sitou pou legliz Kris la nan lavil Wòm, epi li te voye lèt sa a devan pou l' rive anvan li rive li menm.

Selon sa li t'ap ekri, li ta sanble lanmò pa l' te domine li pandan li te nan wout pou rive lavil Wòm, sitou lanmò devan bèt sovaj. Poutan, se pa laperèz li te genyen, men

se cho li te cho pou jou a rive. Li pale sou sa byen nan yon lèt li te ekri pou legliz Kris la ki lavil Wòm. Men sa Inyas te ekri : « N'ap fè vwayaj la pou rive nan Wòm, epi swa nou sou dlo oswa nou ap mache atè, swa li fè jou oswa li fè nwit, mwen angaje avèk bèt sovaj. Se nan mitan dis (10) leyopa mwen twouve m'. Plis mwen karese yo, plis mwen montre yo mwen vle fè zanmi ak yo, se plis yo kriyèl, se plis yo kont mwen. Men, malgre tout malonèt yo ban mwen epi tout touman yo kreye pou mwen chak jou, se aprann m'ap aprann. Men, mwen konnen se pa sa k'ap fè m' jwenn jistis devan Bondye, non. Mwen regrèt mwen pa rive devan bèt sovaj yo deja. Mwen swete bèt yo va sou sa. Mwen swete mwen jwenn yo tou move pou yo vole sou mwen epi detwi m' nan yon batje. Si yo pa tonbe sou mwen pou devore m' touswit, mwen va envite yo fè sa, konsa pou yo pa kite m' la a ap gade yo. Mwen tandè se sa ki rive plizyè kretyen deja. Se dezi m' pou yo dechire m' touswit, epi pou yo devore m'. Padonnen m' dèske mwen pale konsa. Se konnen mwen konnen sa m' bezwen. Se kounyeya menm mwen resi kòmanse tounen yon disip Kris. Bagay etone lemonn, mwen pa menm wè yo. Sa ki enterese m' se pou m' viv nan Kris la. Se pou dyab la ansanm ak mechan yo atake m' avèk tout kalite doulè epi touman, avèk dife, avèk lakwa, avèk bèt sovaj. Se pou manm kò mwen yo gaye atè a avèk tout zo m'. Mwen p'ap wè bagay sa yo pou anyen dèske mwen nan Kris. Sèl bagay pou ou fè pou mwen, se priye. Mande Bondye pou Li ban mwen fòs andedan m' epi fòs nan kò m'. Konsa mwen p'ap sèlman pale epi ekri sa ki bon an, men m'ap fè sa ki bon tou, epi m'ap andire ak konfyans. Lè sa a, y'ap ka wè se kretyen mwen ye, men se pa sa sèlman. M'ap yon kretyen tout bon vre. » Se Inyas ki siyen lèt sa a epi voye l' pou l' rive lavil Wòm.


Depi delegasyon an te fin rive lavil Wòm, sòlda yo te lage Inyas nan men gouvènè a ansanm avèk yon seri lèt ki te detaye kondanasyon an epi santans lan. Yo te mete mesye nan prizon pandan plizyè jou pandan yo t'ap tann yon jou fèt la. Lè jou fèt la te rive, gouvènè a te fè Inyas parèt nan estad la devan yon bann moun, selon lòd Anperè Trajan te ekri a. Dabò, yo te lage yon seri touman sou li pou eseye fòse li pale non Jezi Kris la mal, pou fè li ofri lòt bondye sakrifis. Inyas pa t' afebli nan lafw. Okontrè, plis yo te eseye fè l' sede, se plis li te jwenn fòs nan refize sede devan yo. Konsa, se te Senatè Women yo ki te vote pou kondane li. Se pou yo lage l' imedyatman devan lyon.

Pandan yo t'ap mennen Inyas sòti devan senatè yo pou l' rive nan twou kote lyon yo te ye a, li t'ap pale avèk kèk kwayan ki te la bò kote li. Nan tout dyalòg sa yo, Inyas te plede nonmen non Jezi. Se non sa ki te domine lapriyè li t'ap fè nan fon kè li tou. Moun yo te mande l' poukisa se non sa a li plede site. Li te reponn yo :


« Chè Jezi mwen an, Sovè m' lan, non Li ekri nan tout kè m' nèt. Men sa m' santi : Si yo te koupe kè m' ti moso ti moso, yo ta jwenn non Jezi a ekri sou tout ti bout yo nèt. » Se konsa Inyas te eseye fè konnen se pa bouch li ase ki te debòde avèk renmen pou Jezi, men se te tout li menm. Nou kapab konsyan sa li di a se vre, paske se sa ki nan fon kè yon moun ki sòti nan bouch li. Note byen kijan prensip sa a se vre pou Pòl. Li te renmen Kris anpil, epi konsa nan lèt li te ekri yo li te pale sou Senyè nou an, Jezi Kris, nenpòt 200 fwa. Non Jezi a parèt 500 fwa nan lèt li te ekri yo.

Lè yon gwo foul te fin reyini pou asiste lanmò Inyas la, yo te trennen l' devan tout moun ki te nan estad la (nouvèl la te gaye nan tout vil la, epi moun yo te parèt an foul pou yo asiste yon predikatè ki sòti Lasiri ki tapral goumen avèk bèt sovaj). Inyas, avèk tout kouraj li, te adrese moun yo ki te prezan : « O moun lavil Wòm yo, nou tout ki parèt pou wè konba ki pral fèt la, konnen yon bagay byen : Pinisyon sa ki devan m' lan pa vini sou mwen poutèt yon krim ni yon move zak. Mwen pa fè okenn aksyon konsa. Sèl bagay mwen fè, se viv mwen viv pou Bondye. Mwen swaf pou Li, epi se Li menm ki sitèlman presye pou mwen. Mwen se yon semans nan men Bondye. Bèt sovaj yo pral kraze m' anba dan yo, men se konsa m'ap tounen yon pen ki diy pou Jezi Kris. Pen lavi a, dapre mwen, se menm Jezi Kris sa a. » Se te pawòl sa a Inyas te pale devan tout moun nan estad lavil Wòm la. Lè sa a, li te tande vwa lyon yo ki t'ap gwonde tou pre li. Te genyen kèk frè ki te prezan nan mitan foul la, epi yo te tande vwa lyon yo tou. Yo temwaye se konsa sa te pase.

Nan menm moman an kote li te fin pale a, moun yo te lage de (2) lyon tou grangou, tou move sou li. Lyon yo te dechire epi devore li nan yon batje. Yo pa t' kite anyen... petèt detwa zo. Se konsa Inyas te mouri tou kontan nan Senyè a. Li te yon mati (yon moun yo touye poutèt Kris) pou Jezi Kris. Se te nan lanne 111 li te mouri, douzyèm ane nan reny Anperè Trajan an.



Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).



CHEMEN LI TE CHWAZI A

Yon Pwomès Pou Lavi

Chapit 4a

Sara te kòmanse santi li mal alèz nan kay la. Li pa t' gen kè kontan ankò. Paske papa l' te toujou mete konfyans nan li, sa te rann fado a pi lou toujou. Sara te konsyan li p'ap alèz jouk li konfese devan paran li yo tout sa ki te rive pandan li te lakay fanmi Benndè a. Yo te konnen sèlman yon pati nan bagay la men li te kache rès la. Men, pou yon premye fwa nan lavi li, Sara te santi paran li yo p'ap konprann li si li ta pran esplike yo bagay la jan l' te ye a.

Pou kòmanse, li pa t' wè kijan li te kapab admèt tò pa li yo san li pa kanpe Jakòb tankou yon vakabon ki te sou dezòd. Sara te konsyan toude paran li yo t'ap fache si yo te konnen kòman Jakòb t'ap abòde li jou swa sa a. Jennonm lan te fè yon seri jès ki pa t' apwopriye. Menm si yo te deja fyanse, li te depase bòn

li. Sara te santi yon dousè nan kè li devan atansyon espesyal Jakòb t'ap ba li a. Li te konsyan li pa t' dwe ankouraje santiman sa yo lakay li paske yo pa t' pwòp. Jakòb pa t' yon manm legliz. Selon fwi ki te prezan nan lavi li, manman ak papa Sara pa t' menm gade Jakòb kòm yon kretyen.

Pandan Sara t'ap repase sa ki fèt lakay fanmi Benndè a, li t'ap di nan kè li : « *Mwen te dwe rete lwen Jakòb. Se sa pou m' te fè. Mwen te ka fè sa pi byen si m' pa t' mize dèyè a.* » Li t'ap chache yon fason pou li bay tèt li rezon. Li kontinye reflechi : « *Se pa fòt mwen. Mwen te redi men m' lè li te eseye kenbe l'. Mwen pa t' apresye jès sa a.* » Malgre tout lojik li t'ap fè ak tèt li, sa pa t' retire kilpabilite a nan fon kè li. Li te konsyan li te pran plezi nan fason Jakòb t'ap mache dèyè li. Sa te fè li byen. Li te konsyan se kache l'ap kache santiman sa yo pou paran l' yo pa konnen sa. Li te klè yo pa t'ap janm dakò.

Jan Yodè te sansib pou pitit li yo. Li te toujou vle pwoteje yo byen kòm kretyen. Se konsa li te konte ede yo nan lavi espirityèl yo. Se te yon priyorite pou li. Men, anmenmtan, li te vle pou yo jwi yon lavi sosyal ki ekilibre. Li pa t' vle sere yo nan kay la twòp. Konsa, lè timoun ki pi gran yo te parèt pou fè paran yo sonje yo te fè pwomès y'ap resevwa yon rankont lajenès lakay yo, Jan te dakò chita pale sou sa avèk manman timoun yo. Anvan lontan, yo te gentan bati yon plan ansanm. Jan te di pitit li yo konsa : « Nou kapab planifye yon lòt rankont pou isi a nan de (2) senmenn ankò. Konsa, pral genyen yon mwa ki pase depi nou te reyini ansanm kay fanmi Benndè. »

Lora te kontan. Li kouri reponn : « Se bon ! » Li te cho pou li wè zanmi li yo ankò. Men, Sara te rete bouch pe.

Pou fini, Jan te di konsa : « Fòk nou fè lòt yo konnen sa rapid, sinon fanmi Benndè ka gentan planifye yon lòt aktivite. » Pitit Jan yo te chita ekri yon seri envitasyon, epi yo te voye yo ale. Tout jenn yo te resevwa envitasyon yo avèk kè kontan.

Men, yon senmenn apre sa, yon jou Dimanch, fanmi Benndè te envite tout jenn yo vini lakay yo pou yo manje ansanm. Jan ak Mari te chita sou envitasyon an pandan yon bon ti tan. Yo pa t' twò vle dakò. Yo te aprann plizyè lòt fanmi pa t' fin alèz avèk lide a tou, men alafen fanmi sa yo te deside voye pitit yo. Manman ak papa Sara pa t' janm santi yo dwe pwoteje pitit yo kont yon aktivite ke jenn legliz yo te òganize. Yo te wè aktivite sosyal sa yo genyen anpil enpòtans pou jenn yo. Konsa, yo deside pa retire pitit yo nan aktivite sa nonplis.

Apre jenn yo te fin manje ansanm lakay fanmi Benndè yo, medam yo te netwaye

tab la pandan gason yo te ranje yon seri chèz sou lakou a. Sara te byen kontan lè l' remake yo pral pase yon tan ap chante ansanm. Li te pase nan pòt dèyè a paske li t'ap bay chen an yon bòl ki plen rès manje.

Kou pòt la te fin fèmen dèyè Sara, Jakòb te kanpe la toupre li. Avèk vwa li tou gra, li di Sara konsa : « Èske mwen kapab mennen ou nan sèvis la aswè a, Sara ? Papa m' dakò pou m' pran charyo a. Papa m' ak manman m' pa prale, epi timoun yo ka fè wout la ansanm apye. » Kounyeya a, Jakòb t'ap gade Sara nan je. Li te tèlman kontan pou jan tout bagay li te planifye t'ap tonbe daplon pou li. Li te pèsiste : « Tanpri, di wi. Fè kè m' kontan, non. » Li te rete ap tann repons.

Sara te souri. Twoubote li yo te parèt, youn chak bò. Sara te santi l' kontan, paske tout bon vre li te apresye jennonm sa a. Men, lespri li t'ap fè kous nan divès direksyon. Kisa pou li di jennonm lan ? Sara te pran souf byen fò pandan plizyè fwa. Li t'ap kalkile pi vit posib. Li te konnen byen paran li yo p'ap dakò pou li antre nan yon relasyon espesyal avèk jennonm sa a, epi se pou plizyè rezon. Dabò, Sara pa t' ankò rive nan dizwitan (18). Se laj sa a legliz la te adopte kòm yon limit pou jenn yo antre nan afè renmen. Apre sa, paran Sara yo te toujou prefere pou pitit pa yo rete tann plis toujou, jouk lè yo te prèske nan diznèf (19) ane anvan yo kòmanse nan afè mennaj. Yon lòt rezon ankò se te paske Jakòb pa t' manm okenn legliz okenn kote. Men, Sara te konsyan genyen yon lòt pi gwo koze ankò ki fè paran li yo pa t'ap dakò pou li renmen avèk Jakòb... se paske dapre yo menm Jakòb pa t' mete konfyans li nan Jezi Kris.

Sara t'ap sonje yon konsèy papa l' te bay Lora pa twò lontan pase. Li te di l' : « Nan dosye renmen an, genyen yon sèl rezon pou ou mache avèk yon jennonm, se si w'ap chache yon bon patnè pou fè rès lavi ou ansanm avè l'. Si se pa pou objèktif sa a w'ap sòti avè l', pa menm sòti ditou... pa menm yon fwa. »

Fanmi Benndè a pa t' genyen anpil tan nan kominote a. Sara pa t' konnen Jakòb ase byen pou li fè yon si gwo desizyon. Sa pa t' anpeche li kalkile : « *Si mwen refize Jakòb kounyeya a, epi si li chwazi yon lòt fi, kòman sa pral ye ? Li kapab pa dakò tann mwen avèk tout lòt medam sa yo ki disponib deja* » ! Lide sa a te manke fè Sara akable. Li te anvi jennonm sa a. Jennonm lan te byen kanpe e li te dosil. Sara te anvi Jakòb ak tout kè li ! Men, pou paran li yo, se te yon lòt afè.

Jakòb te rete ap tann repons toujou. Fòk Sara pale kounyeya a. Nan lespri li, Sara te santi li t'ap pi bon si Jakòb pa t' janm ouvri dosye sa a. Konsa, jennfi a te rete avèk je l' fikse sou bòl la ki te nan men l'.

Jakòb t'ap pale tou dous kounyeya a : « Tanpriiiiiiii. » Li te lonje men l' pou li pran men Sara. Sara te redi men l' pou sa pa fèt. Jakòb te bay vag ak men l', men li te rete ap tann repons tifi a toujou.

Sara te pale alafen, avèk ezitasyon. Li di : « Non. Pa jodi a. » Touswit Sara te mache travèse galeri a. Li te kite Jakòb kanpe la pou kont li kòm yon poto. Jakòb te sezi. Men, genyen yon bagay Sara pa t' konnen : Jakòb te deja renmen avèk yon valè jenn fi, epi li pa t' twò abitye avèk fi ki refize li.

Sara te fèmen pòt la dèyè l', men kounyeya toude men l' yo t'ap tranble. Li te apresye Jakòb anpil, epi li pa t' vle fè l' tò. Konsa, li t'ap di nan kè l' : « *Poukisa mwen pa t' pran san m' pou m' esplike l' poukisa mwen di non ? Poukisa mwen pa t' mande l' pou n' fè sa pi devan ? Kounyeya a, si li al mande yon lòt fi, kòman sa pral ye ? Li ka mete nan tèt li mwen repouse li nèt. »*

Malgre yon bann lide divès t'ap sikile nan lespri li, Sara te santi li fè byen lè li refize jennonm lan. Se pou l' pale bagay la ansanm ak manman l' e papa l' anvan. Anmenmtan, li te byen kontan li pa t' fèmen pòt la nèt sou Jakòb. Li te di byen klè : « Pa jodi a. » Sa vle di pi devan sa ka mache. Sara te gen espwa Jakòb kapab rete tann li, li ka mande l' ankò yon lè.

Plizyè fwa pandan jenn yo te chita ansanm jou apremidi sa a, Sara te santi Jakòb te rete ap gade l'. Chak fwa li remake sa, li te voye je l' sou liv chan an ki te devan li. Li te santi figi l' chanje koulè. Se konsa, li pa t' kapab fè lespri li rete sou sa li t'ap chante a.

Depi chan yo te fini, jenn yo te kòmanse pale anpil. Kè yo te kontan ansanm. Sara te fè siy pou Jak ak Lora konnen lè a rive pou yo ale lakay.

Aprè sèvis la jou Dimanch swa sa a, Sara te kouri al chita nan charyo papa l' la. Papa ak manman l' te parèt apre. Jan t'ap pote Rit nan bra l' paske li te tonbe dòmi nan sèvis la. Konsa Jan te mete Rit kouche nan charyo a, epi manman timoun yo te chita bò kote l'. Anvan lòt timoun yo te parèt sou yo, Sara te pwofite okazyon an pou li pale avèk paran li yo sou dosye Jakòb la.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Ranmase Plim Kara Yo

Mwen sonje mwen t'ap pale avèk yon ti patnè m' ki te rele Enòk. Se te yon jou maten anvan lekòl la te antre. Mwen di li konsa : « M' wè medam yo fon nan yon tripotay maten an. » Je m' te sou yon gwoup fi ki te kole kò yo ansanm nan yon ti kwen nan lakou a. Pou mwen menm, se paske yo pa t' vle moun tande sa yo t'ap di.

Enòk reponn : « Mwen sispèk y'ap pale sou Benjamin. Ta sanble fanmi Simon Milè te pote yon soup bay fanmi Benjamin an Vandredi apremidi. Pandan yo t'ap bwè soup la ansanm, Benjamin trangle sou yon zo poul. Yo di zo a manke touye l'. »

Mwen te mande Enòk : « Yo te ale lopital avè l' ? »

Enòk di : « Non, non. Se te papa l' ki te vin vire ti nèg la tèt anba. Pandan pye l' anlè, papa l' frape l' nan do plizyè fwa, epi zo a te sòti nan gòj li. »

Menm jou a, pandan nou t'ap manje ansanm nan lekòl la, nou tout te tonbe sou menm dosye a ankò. Paske timoun Simon Milè yo te abite toupre lekòl la, yo te toujou ale lakay yo pou yo manje. Sa vle di, yo pa t' la. Nou te pale bagay la alèz dèske yo pa t' prezan.

Yon elèv ki rele Rachèl di yon lòt elèv konsa : « Mwen pa konprann kijan Souzi

Milè ka fè kòm si pa t' genyen anyen la a. Si ou gade l' jodi a, se kòm si sa pa t' anyen dèske Benjamen te manke mouri nan yon soup yo te voye ba li a. »

Elèv la te reponn : « Monchè ! Si se te fanmi m' ki te voye yon soup ki manke touye yon timoun, mwen t'ap santi mwen deranje konplètman. Men, manman m' di m' yon bagay : Li fè m' konnen fanmi Simon Milè sa a se yon fanmi ki neglijan anpil. »

Enòk mande : « Èske moun konn mouri nan zo poul vre ? Èske sa konn fèt ? »

« Men wi. Sa konn fèt. Manman m' di... »

« Kilès ou konnen ki trangle poutèt yon zo poul ? »

Tout timoun yo nèt te enterese nan dosye zo poul la. Pwofesè nou a te rele Alfrèd, epi li t'ap manje ansanm avèk nou. Lè li tande koze a, li te ban nou yon lide. Li di : « Poukisa nou pa chache kèk done sou konbyen moun ki trangle chak ane pandan y'ap manje ? Ou ka jwenn sa nan ansiklopedi a (ansiklopedi se yon seri liv ki bay anpil enfòmasyon sou tout kalite bagay. Sijè yo ranje nan lòd alfabetik, tankou yon diksyonè). »

Mwen te reponn : « M'ap fè sa ! Mwen deja fini avèk devwa m' yo. »

Menm jou a, anvan nou te lage, pwofesè a te di : « Danyèl, èske ou te sonje pou ou chache konnen konbyen moun ki mouri chak ane paske yo trangle nan sa y'ap manje ? »

Mwen te reponn : « Wi, Mèt. Dapre sa m' wè nan ansiklopedi a, se anviwon twamili desann (3 200) moun ki mouri trangle chak ane nan peyi Etazini. »

Pwofesè a te reponn : « Lè ou fèk tande l', chif sa ka parèt gwo. Se kòm si sa rive anpil moun. Men, si nou konpare l' avèk konbyen moun k'ap viv nan peyi a, li pa yon pwoblèm ki rive twò fasil. »

Nan demen, pwofesè a te enfòmè klas la sou yon bagay. Nou tout te twonpe nan enfòmasyon nou te resevwa a konsènan soup la ki te genyen zo ladan li. Li di nou konsa : « Mwen te fè yon ti pale avèk Wilyam Yodè ki te prezan lakay Benjamen jou apre midi sa a. Li fè m' konnen se te fanmi pa li ki te pote soup la. Se pa t' fanmi Simon Milè, tande ? Fòk nou ale dousman lè nou tande yon bagay. Rimè konn fè domaj. Piga nou tounen vye madanm lan ki te oblije mache ap eseye ranmase plim kana yo. »

Nou pa t' konnen sa pwofesè a t'ap di konsa, epi li te oblije



rakonte nou istwa vye madanm lan ki te oblije mache ranmase plim kana yo. Se te yon granmoun do ba ki te sanble yon gwo pil plim kana. Yon vye ti van pase, epi paske plim kana yo sitèlman lejè, yo vole anlè nan tout direksyon. Pandan van an t'ap bote chak grenn plim nan direksyon pa li, granmoun lan te oblije fè agòch adwat ap mache dèyè tout. Alafen, li pa t' kapab kenbe yo.

Pandan pwofesè a t'ap bay istwa a, mwen prèske pa t' okipe li. Dapre mwen, se avèk ti medam yo li t'ap pale plis, paske se yo menm ki te twonpe nan sa yo t'ap di nou. Se te yo menm ki konn mete epis nan istwa yo konn ba yo.

Men, lè sa a, yon lòt bagay te rive mwen ki te pouse m' kalkile ankò sou istwa plim kana a. Mwen menm avèk ti frè m, Andre, t'ap mache apye pou n' ale legliz. Nou te pase devan kay Simon Milè. Se lè sa a m' tande Andre di konsa : « Gade ! Men cheval Wobè fèk achte a » !

Lè m' vire tèt mwen, mwen wè Wobè ki t'ap pase bwòs sou kò yon bèl cheval tou nwa. Cheval la te genyen yon bèl tach tou blan nan mitan fwon li, epi pou toulekat pye li yo, bout anba a te blan tou. Pandan nou t'ap gade, nou te remake Wobè t'ap tranpe yon twal blan nan yon dlo, epi apre sa li pase l' sou kò cheval la. Ak je nou, nou te wè l' pase bagay la sou tèt cheval la epi sou pye devan yo.

Mwen te di ti frè m' konsa : « Gade ! Men l'ap poli bèt la menm jan ou ta poli yon soulye ! Kounyeya a m' konprann poukisa kò cheval la klere konsa. Mezanmi ! M' sezi » !

Pita, pandan nou te legliz, nou t'ap espliche pou kèk nan zanmi nou yo kijan Wobè te sitèlman djòlè pou cheval li te fèk achte a, li t'ap pase poli sou kò cheval la pou fè li klere. Apre sa, youn nan ti mesye yo ki rele Woni te ofri lide pa l' : « Sanble se menm pwodwi sa a yo konn pase sou kò cheval la lè y'ap prepare pou gwo espektak, lè y'ap fè konpetisyon pou wè ki cheval ki pi bèl. »

Detwa jou apre sa, pandan nou t'ap manje ansanm bò tab, sè m' ki rele Ana t'ap pale sou kijan Wobè pase poli sou kò cheval li a... menm poli yon bòs chapant ta pase sou yon mèb pou fè li klere.

Mwen te sezi. Mwen di l' : « Kisa ou di la a ? Kilès ki te di ou bagay sa a, en » ?

Ana di konsa : « Se te Wilma ki di m' sa. Li di se ou menm menm ki te di Moyiz sa. Moyiz di Franki sa, epi Franki di Wilma. »

Mwen te oblije espliche : « Mwen pa t' di sa, non. Se pa poli yon bòs mete sou mèb. Se te... » Mwen te oblije koupe pawòl la. Se paske mwen pa t' menm konnen byen kisa Wobè t'ap mete sou kò cheval la. Mwen menm avèk Andre te kouri mete yon bagay nan tèt nou san nou pa t' genyen bon enfòmasyon. Apre sa, nou te pote l'

bay lòt moun kòm si se te bagay reyèl. Poutan... !

Papa m' te gade m'. Se te klè li pa t' kwè m'. Li di : « Enben, Danyèl, kisa Wobè t'ap pase sou kò cheval la, dapre ou ? » Mwen pa t' konnen kisa pou m' di. Konsa, devan papa m' mwen te annik repete sa Woni te di mwen.

Papa m' mande m' : « Ou pa t' panse petèt se te yon lòt bagay ? Koute byen. Se te yon bagay ki pou repouse mouch yo, ou tande » ?

Mwen mande l' : « Poukisa se avèk yon twal li t'ap mete l' sou kò cheval la ? »

Papa m' esplike : « Cheval se bèt ki ennève fasil. Yo pa renmen lè ou flite bagay sou yo. Lèfini, ou pa ka flite pwazon pou li tonbe nan je l'. Fòk se avèk yon twal ou mete li. »

Mwen mande li ankò : « Kijan ou konnen se sa ? Kijan ou konnen se bagay pou repouse mouch » ?

Papa m' esplike : « Dimanch apre sèvis, mwen te remake se sèl cheval Wobè a ki pa t' genyen okenn mouch ki t'ap nwi li. Li te kanpe la tou alèz. Mwen te abòde Wobè pou mande l' kòman sa te ye. Li te esplike m' se yon renmèd mouch li mete sou tout kò cheval li a. Ou tande byen ? Bon ! Bib la egzije nou pou n' renmen vwazen nou. Si nou renmen vwazen nou yo, nou p'ap mache simen manti sou yo. »

Se lè sa a mwen te sonje ilistrasyon pwofesè a te ban nou. Mwen te imajine granmoun lan ki t'ap plede atrap yon bann plim kana ki te deja vole ale nan tout direksyon. Apre sa, papa m' te ban m' devwa pou m' mache korije enfòmasyon an avèk tout moun ki te tande m' di sa ki pa sa. Mwen te oblije mache di yo se renmèd pou mouch Wobè t'ap pase sou kò cheval li a. Se pa djòlè li te djòlè. Mwen pa t' vle fè sa, men papa m' te fè m' konnen si mwen pèdi tan ap chache atrap pakèt plim kana sa yo jodi a, sa va ede m' demen. Byen petèt, mwen p'ap reskonsab bagay konsa ankò.

—Elizabeth Wengerd

Istwa a sòti nan *Goose Feathers* (Plim Kana)


Nou gen pèmisyon itilize tèks sa a.



Vèsè Pou Aprann

« Piga nou fè manti sou frè parèy nou »

(Egzòd 23.1).



Aktivite Timoun

Tout mo yo ki ekri anba kache nan bwat sa a. Chache yo, epi ansèkle yo.

B	X	R	T	Y	U	K	H	N	M	L	V	P	L	I	M	Q
C	H	E	V	A	L	S	D	F	G	H	J	W	J	K	L	Ò
W	R	G	A	N	V	W	I	Ò	T	M	N	A	F	D	E	G
I	P	W	X	S	Q	A	Z	W	R	K	E	Z	D	C	R	F
V	T	G	B	I	Y	H	R	N	I	J	S	O	U	P	M	I
O	B	W	C	K	A	N	A	T	P	A	C	N	Ò	I	C	V
M	J	C	È	L	B	D	N	A	O	D	F	G	H	J	K	T
N	U	M	G	O	P	R	M	M	T	B	V	C	X	Ò	G	E
R	A	V	D	P	F	G	A	R	A	Q	U	M	K	L	O	T
K	L	E	R	E	T	I	S	D	Y	J	S	T	V	R	B	R
W	X	E	C	D	R	V	E	T	R	Y	N	W	U	M	I	A
P	O	T	R	I	W	A	V	B	Z	È	Ò	O	N	H	C	N
I	O	N	E	G	L	I	J	A	N	C	X	N	A	S	T	G
M	W	E	W	R	V	C	O	U	L	L	O	P	I	T	A	L
R	I	M	È	V	E	R	I	T	Ò	P	I	E	C	H	Ò	E
A	P	S	I	R	D	J	Ò	L	È	X	Y	M	Q	T	R	O

CHEVAL
 TRANGLE
 NEGLIJAN
 RIMÈ
 ANSIKLOPEDI
 KANA

LOPITAL
 TRIPOTAY
 KLERE
 PWAZON
 PLIM
 TWONPE

RANMASE
 SOUP
 DJÒLÈ

(Repons nan paj 15)



*Langaj ki pi
konvenkan an
se yon langaj yo rele
« trase egzanp. »*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Ròman Sa Va Ye ?

Ròman sa va ye... Lè m' rive nan pòt Syèl la...
Lè m' tande chan zanj yo ?
Ròman sa va ye... Lè m' tande apèl Senyè a...
Epi m' konnen mwen te sèvi L' avèk amou ?

Ròman sa va ye... Lè je m' tonbe sou tout frè sa yo mwen te renmen...
Ki te kite m' dèyè lè yo te mouri ?
Ròman sa va ye... Lè m' wè tout moun sa yo mwen te konn priye pou yo...
Ansanm ak misyonè yo mwen te konn sipòte ?

Ròman sa va ye... Lè m' kontre ak sila yo ki te rayi Jezi...
Men ki te antre nan limyè Li yon jou ?
Ròman sa va ye... Lè nou tout ap mache nan sentete...
Epi lè mechanste pa kapab mete pye ankò ?

Rè :
Ròman syèl la va ye...
Lè n'ap ka wè bèlte Mèt nou an...
Lè n'ap wè fas Sila ki te mouri pou peche m' yo ?
Mwen va rann glwa
Pou Wa tout wa yo, ki sen epi ki dwat.
Mwen pa ka di ròman sa va ye !

—Kezia Park Sanchèz